



Avantaj ki genyen Lè w Jwenn Responsablite Legal yon Timoun ki Imigran

Jwenn responsablite legal se yon mezi enpòtan yon esponnsò kapab pran pou l sipòte yon timoun nan lavi tounèf li nan peyi Etazini epi li ka ede ranfòse dosye imigrasyon timoun nan.



Kisa responsablite legal la ye?

Responsablite legal la se pwosesis kote yon moun, ki pa paran timoun nan, di se li menm ki responsab timoun nan legalman.



Yon responsab legal kapab pran desizyon sou swen timoun nan menm jan ak yon paran nòmal.



Responsablite legal la pa menm ak adopsyon, piske li pa elimine dwa paran yo genyen sou timoun nan. Paran timoun nan ta dwe toujou patisipe nan desizyon ki gen pou wè ak byennèt timoun nan.

Kijan pou moun jwenn responsablite legal la?



Moun ki vle jwenn responsablite legal la ta dwe pale avèk yon avoka ki pou ede l depoze yon demann bòkote tribunal lokal ki responsab zafè fanmi an pou yon jij ka apwouve l.

Poukisa pou yon moun jwenn responsablite legal yon timoun?

- Li bay esponnsò a dwa legal pou pran desizyon ki gen pou wè ak lajan, swen medikal, ak lekòl pou timoun nan.
- Li evite konplikasyon ak reta initil ki gen pou wè ak demann pwofesyonèl swen sante yo ak pèsònèl lekòl yo fè souvan.
- Li bay timoun nan yon santiman pèmanans ak estabilite, ki se yon faktè enpòtan nan byennèt li ak devlopman l.
- Li ranfòse dosye imigrasyon timoun lan nan pwouve esponnsò/moun k ap bay swen an ba li yon kote pou l rete ki pèmanan epi ki estab nan peyi Etazini.
- Li ka se premye etap pou ede jèn moun nan jwenn estati legal nan peyi Etazini atravè yon aplikasyon Estati Espesyal Pou Jèn Imigran (Special Immigrant Juvenile Visa, SIJS), avèk èd yon avoka.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w jwenn responsablite legal la, pale avèk yon avoka.

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Li pa la pou bay konsèy jiridik.